

Faktirasyon Pasyan ak Sèvis Finansye

KONPRANN OBLIGASYON OU YO



LEKTÈ A *la.*®

BAYHEALTH.ORG

 **Bayhealth**

Nou reyalize moman sa kapab pote strès pou ou menm ak fanmi ou. Nou patikilyèman konprann ki jan sa ka fwistre lè'w nan yon lopital kòm yon pasyan ki entène, pasyan ekstèn oswa pasyan depatman ijans epi ou pa abitye ak pwosesis fakti nou yo.

Se poutèt sa nou vle Ede'w konprann pwoblèm ki enplike nan peye fakti yo ansanm ak diferans ki genyen ant fakti ou resevwa nan men Bayhealth ak lòt founisè yo.

Paske fakti yo fèt separeman pou frè lopital ak frè doktè, li enpòtan pou'w pran yon ti tan pou'w li enfòmasyon sa yo ak anpil atansyon. Epitou asire'w ke'w kenbe enfòmasyon sa yo ak lòt dosye finansye oswa santè'w yo, paske li se yon resous pou kenbe pare.

Avan vizit ou a

Tanpri abitye tèt ou ak plan asirans ou (yo) anvan vizit ou/randevou ou. Pou chak vizit, sonje pote bagay sa yo:

- **Kat Idantite;** si kat idantite pa disponib, tanpri bay 2 lòt fòm idantifikasyon. Fòm idantifikasyon ak foto ki akseptab yo konte yon lisans chofè oswa lòt kat idantifikasyon leta a oswa yon paspò/viza. Kalite pyès idantite akseptab yo konte badj idantifikasyon anplwaye, kat labank, kat sekirite sosyal, oswa kat kredi (Remak: pou rezon pwoteksyon idantite nou p'ap aksepte 2 kat kredi).
- **Tout kat asirans sante aplikab**
- **Nenpòt nimewo reklamasyon oto ak konpansasyon travayè ki aplikab**
- **Rekizisyon doktè a siyen (òdonans), otorizasyon ak fòm referans**
- **Veteran yo tanpri asire ke Administrasyon Veteran yo otorize sèvis yo**
- **Metòd pèman pou nenpòt montan kopèman/ko-asirans ou dwe**

Atik sa yo ban nou yon konpreyansyon sou kouvèti asirans ou e yo nesèsè pou voye fakti bay asirans ou nan yon fason egzat ak alè. **Pou pwoteje idantite'w, sèvis yo ka ranvwaye si yo pa prezante bon pyès idantifikasyon nan moman enskripsyon an.** Nan chak vizit, n'ap mande kat idantite'w ak kat asirans sante

(yo) pou asire faktirasyon egzat. Sa a ka sanble repetitif, men li nesèsè paske kouvèti asirans souvan chanje ant vizit yo.

SÈVIS ANESTEZI

Bay Anesthesia ki se yon gwoup founisè ki pa anplwaye founi sèvis anestezi nan Bayhealth. Bay Anesthesia pa nan rezo pou kèk konpayi asira ns. Si w dwe fè yon operasyon oswa yon pwosedi entèvansyon, w ap akouche oswa w ap resevwa yon lòt sèvis ki gen ladan anestezi, tanpri rele konpayi asirans ou a pou detèmine si Bay Anesthesia nan rezo oswa andeyò rezo a. Ou ka dwe yon frè ki pi wo si yo pa nan rezo a.

Responsablite Pèman

Nan moman admisyon w, randevou oswa sèvis ou a, anplis de prezante yon kopi kat asirans ou a pou rejis Bayhealth la, w ap oblije peye kopèman w lan. Anplis de sa, si konpayi asirans ou a fè nou konnen ou gen yon dediktib ki poko satisfè oswa lòt montan koasirans ou dwe, n ap mande pati nan sèvis lopital ou oswa fakti doktè ou a ke plan asirans ou a pa kouvri oswa fè aranjman apwopriye. Nan kèk ka, ou ka oblije peye tout kantite lajan an.

An jeneral, ou ta dwe li gid avantaj ou anvan nenpòt vizit lopital, klinik oswa biwo doktè pou konnen ki sèvis ki garanti

anba plan ou a, epi si w ap responsab pou nenpòt pati nan pèman an. Chak konpayi asirans/plan anplwayè finanse gen diferan avantaj/limitasyon pwoteksyon ak direktiv espesifik pou sèvis ki kouvri ak sèvis ki pa kouvri.

Tanpri sonje depatman Sipò pou Faktirasyon nou an ap fè reklamasyon w la dirèkteman ak founisè asirans prensipal ak segondè w yo. Si founisè asirans ou an pa reponn nan lespas 60 jou apre li resevwa li, nou ka fè w konnen epi mande w kontakte founisè asirans ou imedyatman.

Si ou pa gen kat asirans ou avèk ou nan moman randevou ou a, tanpri bay depatman Sipò pou Faktirasyon nou an enfòmasyon sou asirans lan nan 877-744-7081. Si ou pa fè nou konnen nan yon delè 36 èdtan, ou ka vin responsab tout fakti a.

Asistans finansye

Bayhealth Medical Center angaje l pou l bay pasyan ki nan konte Kent ak Sussex ak nan zòn ki antoure yo sèvis swen sante yo kèlkeswa kapasite yo pou peye. Pwogram Asistans Finansye (FAP) te etabli pou bay soulajman finansye a moun ki pa kapab ranpli obligasyon yo pou Bayhealth Medical Center, kèlkeswa laj, sèks, ras, orijin nasyonal, sitiyasyon sosyal oswa imigrasyon, oryantasyon seksyèl, oswa afilyasyon relijye.

Asistans Finansye aplike a tout sèvis emèjan ak medikal ki nesèsè yo founi nan antite Bayhealth posede e opere pou pasyan ki gen revni nan nivo oswa pi ba pase 250 pousan nan Nivo Povrete Federal la. Sèvis ochwa ak kosmetik yo pa konte ladan dapre règleman sa a.

kalifikasyon pou FAP a baze sou yon evalyasyon endividyèl bezwen finansye. Evalyasyon finansye gen ladann yon revizyon yon aplikasyon ki ranpli; deklarasyon taks ane anvan an oswa W2, souch fich pèman aktyèl la ak relve bankè; done ki disponib piblikman ki bay enfòmasyon sou kapasite yon pasyan pou peye (pwen kredi); ak yon revizyon sou lajan pasyan genyen ki disponib ak lòt resous finansye ki disponib pou pasyan an. Moun ki apwouve pa FAP yo resewva yon rabè 100 pousan sou balans responsablite pasyan yo; sa a aplike a chaj brit pou pasyan ki pa gen asirans epi sou balans apre asirans pou pasyan ki asire. Pasyan ki apwouve pa FAP yo pa peye plis pase Kantite yo faktire an jeneral (AGB). Pasyan yo gen 240 jou apati dat premye deklarasyon apre yo fin jwenn swen an pou yo aplike pou asistans finansye. Pou pale ak yon moun konsènan asistans finansye, tanpri kontakte Depatman Sipò pou Faktirasyon nou nan 877-744-7081.

Pou jwenn yon kopi règleman ak/oswa aplikasyon an, oswa pou w aplike pou asistans finansye, kontakte biwo Sipò pou Faktirasyon nou an nan 877-744-7081 oswa vizite youn nan lokal ki swiv yo:

Bayhealth Hospital, Kent Campus, 522 South State St., Dover, DE 19901

Bayhealth Hospital, Sussex Campus, 100 Wellness Way, Milford, DE 19963

Ou kapab ale tou sou Bayhealth.org/Financial-Assistance-Program pou jwenn règleman konplè sou asistans finansye ak aplikasyon nou an.

Yo ka voye aplikasyon yo pa lapòs oswa remèt yo an pèsòn nan youn nan lokal ki endike anwo yo.

Pasyan ki gen Konpetans Anglè limite (LEP) ka vin nan biwo nou an nan youn nan adrès ki anwo yo epi n'ap rele Liy Lang (800-481-3289) avèk pasyan an pou jwenn yon entèprèt pou ede nan kominikasyon.

Pasyan ki admèt e ki pa gen asirans yo pral pase tès verifikasyon pou kalifikasyon Medicaid.

Konfidansyalite

Nan Bayhealth, nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon sou sante w. Règ sou enfòmasyon prive a pèmèt nou itilize ak divilge enfòmasyon sante pwoteje pou rezon pèman. "Avi Pratik Konfidansyalite" nou an eksplike dwa ak responsablite nou ki gen rapò ak divilgasyon pèman ak lòt enfòmasyon sou sante. Ou ka rekipere yon kopi avi konfidansyalite nou an nan nenpòt sit anrejistremant, oubyen ou kapab rele kowòdonatè Konfidansyalite a nan 302-744-6155.

Tip Fakti

Men yon apèsi sou diferan tip fakti ou ka espere resevwa, selon sèvis ou te resevwa yo.

FAKTI PASYAN ENTÈNE

Pasyan ki admèt nan lopital la (pasyan ki entène) ap resevwa plizyè fakti. Yon fakti pral soti nan lopital la. Fakti sa a gen ladan frè pou chanm ou, founiti ak sèvis medikal yo, ak nenpòt tès oswa pwosedi ou ka sibi, tankou radyografi. W'ap resevwa fakti separe tou nan men Apogee Physicians ak lòt doktè ki pa anplwaye ki te founi ou sèvis yo pandan sejou ou.

FAKTI OBSTETRIK/ BEBE FENK FÈT

Paran k'ap tann bebe yo gen yon desizyon pou pran an rapò ak kouvèti asirans pou timoun nan. Si tou 2 paran yo gen asirans atravè anplwayè yo, nou rekòmande pou kontakte depatman Resous Imèn chak patwon pou mande sou pwosesis pou ajoute yon depandan nan plan asirans ou. Ou ta dwe konplete diskisyon sou asirans ou anvan dat akouchman estime a pou idantifye opsyon ki pi bon mache pou ou a.

Lè akouchman an, ou dwe kontakte depatman Resous Imèn ou a epi mande pou ajoute kouvèti pou nouvo pitit ou a. Si w gen pwoteksyon atravè Medicaid, ou dwe avèti jesyonè swen w lan. Sa asire ke bebe ki fenk fèt la pral ajoute nan asirans ou kòm

yon depandan ki kouvri.

Depi w fin detèmine nan ki plan w'ap ajoute pitit ou a, tanpri kontakte depatman Sipò pou Faktirasyon nou an nan 877-744-7081.

Preparasyon ak atansyon ou davans ap ede anpeche refi asirans.

Epitou, nan preparasyon pou akouchman w la, epi kòm anestezi jeneralman itilize lè akouchan, tanpri al gade nan seksyon Anvan vizit ou a: Sèvis anestezi nan kòmansman bwochi sa a.

Ou pral resevwa yon fakti ki soti nan lopital la, doktè OB-GYN ki patisipe nan akouchman an ak Bay Anesthesia. Ou pral resevwa yon fakti separe tou nan men lopital la pou bebe a ak youn nan men pedyat la pou nouvo pitit ou a.

FAKTI OBSÈVASYON

Pasyan ki dwe rete an obsèvasyon yo plase nan yon anviwònman nòmal pou pasyan ki entène; sepandan, yo pa't admèt fòmèlman pa yon doktè, kòm yo pa satisfè kritè klinik pou sejou pasyan ki entène. Pasyan sa yo rete nan lopital la anjeneral youn oubyen 2 nwit, pandan doktè a ap tann rezilta tès yo pou detèmine plan tretman an. Si kondisyon pasyan an pa satisfè kritè pasyan ki entène yo, yo pral egzeyate.

Si yo kenbe'w an obsèvasyon, konpayi asirans ou a peye lopital la dapre dispozisyon pou pasyan ekstèn nan avantaj ou yo, epi ou ap resevwa fakti nan men Bayhealth Observation Physicians ak/oswa nenpòt doktè ki pa anplwaye ki te ba'w swen. Li enpòtan pou'w sonje Bayhealth gen yon obligasyon pou'l mete'w nan nivo swen kòrèk (obsèvasyon oswa pasyan ki entène) ki baze sou kondisyon klinik ou ak kritè medikal ou satisfè.

FAKTI OPERASYON

Pasyan ki bezwen operasyon yo pral gen plizyè fakti. Yon fakti pral soti nan lopital la. Fakti sa a gen ladan frè pou sal operasyon an, founiti ak sèvis chirijikal yo, ak nenpòt tès oswa pwosedi anvan operasyon ou ka sibi, tankou radyografi. Yon fakti adisyonèl pral soti nan Bay Anesthesia. Bay Anesthesia pa nan rezo a pou kèk plan asirans. Pasyan yo ta dwe rele konpayi asirans yo anvan yo fè operasyon pou detèmine si Bay Anesthesia nan rezo oswa deyò. Yo pral faktire'w tou pou doktè ki fè operasyon an.

FAKTI DEPATMAN IJANS

Pasyan yo wè nan yon kad ijans ap resevwa plizyè fakti. Fakti ijans ou a ka gen ladan frè pou vizit ou a ansanm ak nenpòt tès oswa pwosedi ki fèt nan moman vizit ou a. Yo pral faktire'w separeman pou sèvis ki founi pa

Doktè Depatman Ijans (ED). Fakti sa yo pral soti nan Bayhealth Emergency Physicians. Li enpòtan pou sonje ke fakti pou Bayhealth Emergency Physicians yo voye separeman de fakti Lopital Bayhealth. Nimewo telefòn pou faktirasyon Bayhealth Emergency Physicians separe tou, 1-855-691-9890.

Vizit reverifikasyon nan ED ka lakòz frè adisyonèl si gen nouvo sentòm ki prezante pou evalyasyon.

FAKTI DEPATMAN IJANS OBSTETRIK (OBED)

Pasyan yo wè nan OBED la ap resevwa plizyè fakti. Yon fakti pral soti nan lopital la pou vizit OBED la ak yon lòt pral soti nan OB Hospitalist (doktè) ki te trete'w nan OBED la.

FAKTI ESKANÈ

Eskanè enplike radyografi, ekografi, Eskanè CAT (CT), MRI, MRA, medikaman nikleyè, ak PET. W'ap resevwa 2 fakti pou sèvis radyografi; youn nan Bayhealth ak youn nan Kent Dyagnostik Radyoloji (KDR) pou entèpretasyon pwofesyonèl eskanè a.

FAKTI DOKTÈ

Fakti doktè'w la ap gen ladan'l depans swen medikal ak chirijikal yo bay, tankou revizyon ak entèpretasyon tès dyagnostik ou yo. Ou ka resevwa plizyè fakti si gen plis pase yon doktè ki enplike nan ka'w la. Pifò doktè yo se pratisyen endepandan e yo pral voye

faktire'w pou sèvis yo (sa vle di, lekti radyografi, kouvèti doktè entènè yo, vizit konsiltasyon, elatriye) Bayhealth anplwaye doktè pou patoloji, onkoloji, newochiriji, medikaman anbriyon matènèl, obsèvasyon, depatman ijans, ak klinik. Si Bayhealth anplwaye doktè yo, nou pral faktire asirans ou oswa ou menm pou sèvis yo swa sou non Bayhealth Medical Center oswa Bayhealth Physicians.

PRATIK BAZE SOU FOUNISÈ

Klinik

Antikoagulasyon/Famasi, Sant Dyagnostik Kadyak, Medsin Anbriyon Matènèl, Onkoloji, ak Sant Byennèt Dyabèt

Bayhealth gen plizyè gwoup doktè pratisyen sou baz founisè kote yo konsidere lokal sèvis founisè a kòm yon depatman lopital la. Lokal pratik sa yo andeyò lopital la gen siy ki afiche ki fè pasyan yo konnen y'ap resevwa swen nan yon lokal ki baze sou founisè yo. Sa a enpòtan pou pasyan yo konnen pou twa rezon sa yo:

- 1) Antanke pasyan, ou ka oblije peye yon koasirans pou sèvis yo bay nan etablisman sa a pou dyagnostik tankou tès laboratwa oswa radyografi oswa tretman tankou terapi fizik, okipasyonèl oswa terapi lapawòl.
- 2) Kontrèman ak yon biwo prive, ou ka resevwa tou yon dezyèm fakti pou koasirans pou sèvis

doktè ki gen rapò ak vizit sa a. Pa egzanp, ou ka resevwa yon fakti ki soti nan men radyològ oswa patolojis ki te revize tès dyagnostik ou a.

- 3) An rezime, ou ka jwenn vin responsab pou pèman koasirans nan lopital la ke ou pa t'ap peye si etablisman an pa te baze sou founisè. An menm tan an, montan koasirans yo ta dwe konsistan avèk sa ki ta dwe faktire pou menm sèvis yo bay nan lopital la.

EDE NOU JWENN PÈMAN POU REKLAMASYON OU

Anpil plan asirans komèsyal mande pou abòne yo mete ajou enfòmasyon asirans yo sou yon baz anyèl. Konpayi asirans ou oswa depatman Resous Imèn anplwayè'w la ap voye yon lèt pa lapòs pou mande'w ranpli yon fòmilè kowòdinasyon avantaj epi retounen li. Konplete fòmilè sa a trè enpòtan pou reklamasyon ou yo ka peye, paske konpayi asirans ou a pral refize reklamasyon an oswa peye li nan yon tarif siyifikativman pi ba, pandan yo kite ou ak yon gwo montan responsablite pasyan. Si yo pa retounen fòmilè yo, Bayhealth ap rann pasyan an responsab pou balans li dwe a.

Anplis kowòdinasyon enfòmasyon sou avantaj ou yo, asirans ou ka voye yon lèt pa lapòs tou pou mande detay sou aksidan, elèv oswa lòt enfòmasyon. Tanpri asire ke ou louvri kourye ou resevwa soti nan konpayi asirans ou a epi reponn pi bonè posib paske ranpli demann enfòmasyon yo kreye yon

eksperyans faktirasyon ki pi pozitif.

Dispit/Rezolisyon

Dezakò avèk frè epi ranbousman nan konpayi asirans yo ka souleve detanzantan. Frè nou yo etabli pou satisfè bezwen finansye Bayhealth Medical Center. Nòmalmman, pri pou pwosedi ak tès yo ajiste chak ane. Frè pou akseswa yo gen rapò ak pri pou achte atik la. Frè medikaman yo baze sou pri mwayen an gwo. Lè dispit la souleve konsènan ranbousman nan men konpayi asirans ou a, nou pral souvan fè apèl kont desizyon yo dirèkteman ak konpayi asirans lan. Sepandan, diskisyon sa yo souvan ka rezoud pi efikasman lè ou kontakte konpayi asirans lan dirèkteman. Nou pral kontan ba ou nenpòt enfòmasyon ou ta ka bezwen pou fè apèl ak reklamasyon an bò kote konpayi asirans ou a. Tanpri kontakte departman Sipò pou Faktirasyon nou an pou jwenn asistans nan 877-744-7081.

Metòd pèman

Ou ka peye pa lajan kach, chèk pèsònèl, manda postal, oswa kat debi/kredi. Tout sit Bayhealth aksepte Visa, Master Card ak Discover Card. ATM disponib nan anpil sit. Nou ofri tou konsèy finansye pou ede idantifye opsyon pèman.

Bayhealth ap aksepte pèman anliy kounye atravè platfòm pasyan MyChart la. Ou ka chwazi pou kreye yon kont nan MyChart pou wè rezilta tès klinik ou yo epi peye fakti'w yo oswa peye kòm yon envite (san'w pa wè rezilta tès yo). Ou kapab tou mete sou pye plan pèman sou MyChart. Si ou pa gen yon kont MyChart, pral genyen yon kòd sekirite ki anba deklarasyon'w la ou ka itilize pou kreye yon kont.

Plan pèman

Nou ofri plan pèman san enterè pou kliyan kalifye nou yo. Plan sa yo dwe fikse an akò ak yon reprezantan sipò faktirasyon. Si'w pa kontakte departman Sipò pou Faktirasyon nou an pou etabli yon plan pèman, sa pral lakòz kont ou a ale nan yon ajans koleksyon. Tanpri kontakte departman Sipò pou Faktirasyon nou an pou jwenn asistans nan 877-744-7081.

Kliyan ki pa ka satisfè pèman minimòm yo ka fè plan yo a trete pa yon lòt konpayi pou fakti ak koleksyon. Plan sa yo pral trete selon diskresyon Bayhealth.

Règleman koleksyon

Lopital la pral pran tout etap ki nesèsè pou kolekte dèt (yo), ki ka gen ladan itilizasyon sèvis ekstèn tankou ajans koleksyon, avoka, elatriye. Pasyan ki gen asirans oswa Medicare ta dwe resevwa premye fakti yo nan trant (30) jou apre dat ki sou resi pèman lopital la. Nou pral voye yon minimòm twa (3) fakti pou kolekte kantite lajan

ki dwe a. Si yo resevwa lapòs retounen sou kont yon pasyan, kantite fakti yo voye ka mwens ke twa (3). Pou anpeche kont ou a avanse nan sèvis ekstèn pou kolekte, ou ta dwe swa peye balans lan nan kat (4) mwa oswa fè aranjman apwopriye pou pèman lèw kontakte yon reprezantan Sipò pou fakti nan 877-744-7081.

Yo ka rapòte kont ki avanse bay ajans koleksyon yo bay yon biwo kredi, e sa ka afekte pwèn kredi ou. Tipikman, yo rapòte dèt la bay biwo kredi a 365 jou apre yo fin detèmine kont lan delenkan, epi yo rapòte kont sa yo sèlman si gen yon dèt ki poko peye ki depase \$500.00. Sa a pèmèt moun ki dwe a peye dèt la anvan yo rapòte dèt la.

Diksyonè tèm komen fakti ak asirans

AVI BENEFISYE AVANSE (ABN)

Gen kèk sèvis ki pa peye pa Medicare oswa lòt konpayi asirans. Si doktè ou kòmande sèvis sa yo, ou pral mande pou yo siyen yon ABN. ABN a se yon notifikasyon ke ou konprann ke pèman pou sèvis ki nan lis yo pral responsablite pa'w, si Medicare oswa konpayi asirans ou refize pèman. Si ou pa siyen ABN a, yo pa ta dwe fè tès la. Si'w decide resevwa sèvis la men ou refize siyen,

y'ap ekri sou rejis ABN la ke "Pasyan an refize siyen", epi ou menm (pasyan an) pral responsab pou fakti a.

ABN POU PWOSEDI EKSPERIMENTAL / TÈS

Yo pral mande'w tou pou siyen yon ABN pou sèvis laboratwa, sewòm ak radyoloji konpayi asirans komèsyal ou a konsidere kòm eksperimental. Olye ke'w ranvwaye tretman an, ou ta dwe mande doktè ou si gen yon tès altènatif/ medikaman ki bay nan sewòm ki disponib. Sa a enpòtan sitou si'w gen Highmark BlueCross BlueShield nan Delaware, kòm anpil anplwayè nan zòn nan gen kouvèti atravè yon plan BlueCross BlueShield nan yon lòt eta, epi règleman medikal eta sa a ka diferan de règleman medikal Highmark BlueCross BlueShield yo. Ou ta dwe mande doktè ou pou'l rele santral plan konpayi asirans BlueCross BlueShield ou a pou konfime ke tès yo ap kouvri ak dyagnostik la sou lòd la e ke politik medikal yo pa konsidere li eksperimantal.

OTORIZASYON

Anpil konpayi asirans mande pou yo bay yon otorizasyon anvan tès oswa pwosedri yo te fèt. San yon otorizasyon, konpayi asirans lan pa pral ranbouse Bayhealth epi li ka responsablite'w pou peye fakti a selon kontra ki genyen ant konpayi asirans ou a ak lopital la. Doktè'w la pral mande konpayi asirans ou otorizasyon. Lè otorizasyon yo pa kapab

verifye nan pwen anrejistreman an, yo pral mande'w siyen yon lèt pou'w aksepte responsablite finansye oswa ou ka chwazi ranvwaye tès la jiskaske otorizasyon yo verifye.

KOASIRANS

Yon pousantaj, ki detèmine pa moun ki peye a, nan total frè pasyan an ke pasyan an responsab pou peye. Anjeneral plan sante a peye pòsyon ki rete nan frè yo.

KOWODINASYON ASIRANS (COB)

Yon metòd pou entegre avantaj ki peyab ak plis ke yon plan asirans sante gwoup pou avantaj moun ki asire a ki soti nan tout sous yo pa depase 100 pousan nan depans medikal akseptab li yo.

KOPÈMAN

Yon frè fiks ke abònè a dwe peye pou li sèvi ak sèvis medikal espesifik ki kouvri nan plan li a.

EKSPLIKASYON AVANTAJ (EOB)

Tout konpayi asirans yo oblije voye yon fòmilè eksplikasyon sou avantaj yo, ki eksplike sa yo ap peye epi ki montre kantite lajan ou dwe a. Anjeneral, li montre frè total, frè akseptab, frè ki pa kouvri, pèman an, franchiz ak koasirans (lè sa aplikab), ak nenpòt notasyon pou klarifye nenpòt nan aksyon li yo. Kantite lajan ou dwe a ta dwe menm jan ak fakti lopital la.

FRÈ ANRETA

Frè pou sèvis yo te founi ou ki pa't parèt sou premye fakti a. Se pa frè yo ajoute sou kont lan pou pèman an reta.

EKSPLIKASYON AVANTAJ MEDICARE (EOB)

Medicare voye rezime pèman yo (EOB) bay pasyan an chak trimès. Rezime sa yo ka montre yon montan diferan pase fakti lopital la. Diferans sa a kreye pa akò lopital la ak Medicare. Pèman Medicare pa baze sou frè lopital yo men sou orè pèman Medicare etabli. Medicare detèmine kantite lajan ki se responsablite pasyan an. Montan sa a ta dwe koresponn ak kantite lajan ke swa pasyan an oswa asirans segondè a dwe peye.

Tanpri sonje ke si Medicare pa peye pou yon sèvis lopital, souvan konpayi asirans segondè a p'ap peye pou sèvis sa a tou. Kapab genyen plis pase yon EOB soti nan Medicare pou chak vizit. Sejou pasyan ki entène yo anjeneral jenere yon EOB Pati A ak Pati B.

MEDICARE MEDIKAMAN POU PRAN LAKAY

Medikaman pasyan an pran poukont li, tankou medikaman ki sou fòm konprime oswa medikaman yo itilize pou oto-enjeksyon, yo pa nòmalman peye pa Medicare (oswa lòt konpayi asirans). Sepandan, gen kèk medikaman ke ou pran poukont ou ki klèman kouvri pa Medicare.

PRATIK DOKTE BAZE SOU FOUNISÈ


Kontrèman ak yon biwo prive kote ou resevwa yon fakti, ou ka resevwa 2 fakti; youn pou doktè a ak youn pou lopital la. An rezime, ou ka antre nan yon obligasyon koasirans nan lopital la ke ou pa ta antre si etablisman an pa't baze sou founisè.

REFERANS

Rekòmandasyon doktè'w fè sou kote pou'w ale pou tretman an. Rekòmandasyon yo pa garanti pèman konpayi asirans lan. Tanpri gade "Otorizasyon" pi wo a.

ASIRANS SEGONDÈ

Yon plan asirans siplemantè ki pral peye kèk dediktib ak kopèman apre asirans prensipal la fin peye. Yo pa ka faktire asirans segondè tout otan asirans prensipal la poko peye oswa refize reklamasyon an.





LEKTÈ A *la.*®

SIPO FAKTI

877-744-7081

BAYHEALTH.ORG/BILLING-INFORMATION